



Ivyo ushobora gukora....

igihe wewe canke uwundi muntu woba uzi yakandamijwe canke acinyijwe

- **Andika urutonde rw'ivyabaye.** Niba bishoboka ko ubikora mu buryo butabangamira umutekano wawe, ushobora gufata video canke ugafata amajwi canke ukanafotora. Ivyoba vyiza, wokwandika ivyabaye, aho vyabereye, n'igihe vyabereye. Ni vyiza ko wobikora bikiba kubera urindiriye hagahera umwanya, ushobora kubyigira.
- Bishobotse wokwandika amazina na numero za telefone **z'ivyabona.**
- **Gutanga raporo:** ushobora kumenyesha umugenzi ivyakubayeko canke ishira hamwe wumva ufitiye icizere.
- Niba uri mu **kibuga c'amashure ya leta**, raba amategeko agenga uburenganzira bw'abantu, kuri interineti y'ikibuga c'amashure matomato n'ayisumbuye wigaho, hama ukurikize ivyo basaba.
- Ushobora gushikiriza ivyagushikiye mugihe woba uri mu **gasho canke mu bitaro vya leta.** Bisaba ko ubaza uko babigenza, ugaca ubikurikiza.
- Aho ukorera canke ku mashuri y'abigenga, naho nyene bashobora kuba bafise amategeko y'uburenganzira bw'abantu.
- Niba ukandamijwe **n'umugenzi wawe canke umwe mu bo mu muryango wawe**, ushobora guhamagara anashinzwe gutabara kuri iyi numero: 1-800-669-3176 canke ukaja kubashinzwe kurenganura abarenganye kuri iyi numero: 1-877-500-2980.
- **Gushikiriza ivyagushikiye (ACLU)**, umuhari uharanira agateka ka zina muntu muri Idaho, ushobora kugenda ku murongo wa interineti kuri <https://www.acluidaho.org/en/resources/report-civil-liberties-violation>. Duhora dukurikirana abantu uburenganzira bwabo buba bwacinyijwe ku rwego rwa leta ya Idaho. Rimwe na rimwe turashobora kukurondera abandi bashobora kubigufashamo canke ubundi bufasha.